


Kijan pou w Enskri pou RxLocal Mobile App


1. Seleksyone “Mwen Bezwen yon Kont”

Aprè ou fin telechaje aplikasyon RxLocal la, ouvri aplikasyon an epi peze bouton “I Need an Account” lan. Li epi asepte Tèm Sèvis yo.




2. Mete Enfòmasyon Pèsonèl

Bay non ou, dat nesans ou, nimewo telefòn ou, ak adrès imèl ou nan espas ki apwopriye yo. Enfòmasyon ou bay yo dwe koresponn avèk enfòmasyon famasi w lan genyen nan dosye li.



3. Validasyon

Seleksyone nimewo telefòn ou ta renmen jwenn kòd validasyon an sou li a, epi mete li lè yo mande w li.



4. Krewe Non itilizatè ak Modpas

Krewe yon non itilizatè ak modpas lè yo mande w yo. Modpas ou a dwe genyen omwen 9 karaktè k ap genyen ladan yo yon lèt majiskil, lèt miniskil, ak senbòl.

Kòmanse itilize RxLocal!

